

**ТУГЪДАМОНД КЕ ФÆУУОДЗÆНÆЙ, УОЙ ХУЦАУÆЙ ИДАРДДÆР НЕКЕ ЗОНУЙ...**

***Александр СУВОРОВ (1730-1800), номдзуд æфсæддон архайæг: «Æфсæддон наукæ гъæуама ахургонд цæуа тугъди. Тугъди алли театр дæр æй нæуæг... Æфсæддон хуæрзуагæдзийнадæ: хумæтæг æфсæддонæн æй æхсардзийнадæ, афицерæн – бæгъатæрдзийнадæ, инæларæн – лæгдзийнадæ, кæцитæ разамундгонд цæунцæ уагæ æма фæтки райдайæнтæй, арæзт цæунцæ цурддзастдзийнадæ æма рагацау хинцундзийнадæй...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№27 (853) 2022 анзи 15 июль – сосæни мæйæ

Аргъ 1 туман




# ФИДИБÆСТИ СÆРБÆЛТАУ УОДУÆЛДАЙÆЙ ТОХ КОДТА...

Мæ райгурæн гъæу Чиколай туххæй дзубанди ку рацæуй, уæд мæ зæгъуйнæгти æнæ фæззæгъгæ нæ фæуун уой, æма мæхе кæдæй гъуди кæнун, уæдæй абони уæнгæ игъосун Махъоти Амурхани фурт Алихани берæ лæгигъæдти туххæй, æма мин е æхцæуæн куд нæ фæууй – æгайтима нæ дзиллæ уæхæн кадæ кæнунцæ мæ намусгин æмгъæуккагæн. Цал æма цал анзи нæбал æй не 'хсæн, фал æ ном æма æ лæгдзийнадæ адæмæй иронх нæ 'нцæ, дæнцæнæн сæ хæссунцæ кæстæртæн, цæмæй етæ дæр уотæ еузæрдиуон уонцæ нæ Фидибæстæбæл, æдæрсгæй тундзонцæ уой сæрбæлтау арфиаг гъуддæгутæй архайунмæ.

...Махъоти Алихан ку рамардæй (1981 анзи 27 мартъий), уæд æ мæрдæгъдауи Цæгат Иристони адæмон поэт Хъайтухъти Геор гæгъæдий гæбазæбæл рафинста мæнæ ауæхæн цуппаррæнгъон:

*Алихан, ды хох дæ нæ цæсты,*
*Æгасыл дæ не 'хсæн нымад.*
*Хъæбатыр нæ мæлы, йæ бæсты*
*Фæцæрынц йæ хорз ном, йæ кад...*

Аци рæнгъитæ Алиханæн æ хеуæнтти, уæдта адæми зæрдитæмæ дæр уотæ багъардтонцæ æма финст æрцудæнцæ Чиколай æфсæддон уæлмæрдти æ цыртдзæвæнбæл дæр, уæдта Дзæуæгигъæуи ци хæдзари цардæй, уой фарсбæл ин ци мраморон номерæн фæйнæг æвæрд æй, уобæл дæр.

Еци рæнгъити медгъудий æцæгдзийнадæ рабæрæг æй æ фæсмæрди æнзти дæргъи дæр – æцæгæйдæр, нæ Бæгъатæр абони дæр не 'хсæн æй цитгийнаг æ ном, æ кадæй...

Нæ газети абониккон номери ба 'й уомæ гæсгæ имисæн, æма 17 июли æ райгурдбæл æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1922-1981). Мæнæ фиццаг фарсбæл æ къари фæсте ци дууæ хузи мухур кæнæн, уони нисанеуæг ба уæхæн æй.

Еуемæй, Махъой-фуртæн æ тугъдон над фæцæй Берлини агъазиау æскъуæлхтдзийнадæ бавдесгæй. Иннемæй ба, Алихан æ цæргæ-цæрæнбонти хъæбæр зæрдристæй хъонц кодта æ æдзард тугъдон æмбæлттæбæл, уæлдайдæр Ирæфи район немуцаг фашистон æрдонгтæй уæгъдæ кæнуни тугъдтити рæстæг ка фæммард æй, уонæбæл. Æма ниууосиат кодта, æ уæлзæнхон цардæй ку рахецæн уа, уæд æй цæмæй байвæронцæ æ æдзард тугъдон æмбæлттæ Чиколай сæрмæ ци Æнсувæрон цирти æвæрд æнцæ, уоми. Æ еци фæндæ ин исæнхæст кодтонцæ...

Æма нур еци рауæнмæ кадæриддæр бацæуй, етæ син еумæ сæ рохс нæмттæ иссерунцæ, кадæ син искæнунцæ...

Нæкæси, аци Æнсувæрон цирти разæй Чиколамæ цæугæй еуцæйбæрцæдæр идарддæр æрæги игонгонд æрцудæй Уæлахези парк. Уордæмæ бацæуæни урух фæзи æвæрд æнцæ бюститæ Советон Цæдеси Бæгъатæр Махъоти Алиханæн, Намуси ордени æнхæст кавалертæ Хъалати Семенæн, Иосиф Юрченкойæн, Едзати Æхсарбегæн.

*Махъоти Алихани туххæй æрмæгутæ кæсетæ 4-7 фæрстæбæл.*

**АХСГИАГ ГЪУДДАГ**



## ФИДИБÆСТÆБÆЛ ÆНОВУД УН ГЪÆУЙ ÆРИГОНÆЙ!..

Августи Уæллагири коми дессаги æрдзи уавæрти бабæй арæзт æрцæуудзæнæй барадæгъæуайгæнæг-лагерь **«Патриот-2022»**-йи нæуæг фæлтæр.

Аци анзи фæлтæр дæр æй профилон: архайдзæнæнцæ си, медгъуддæгути оргæнти профилактикон номхигъдтæмæ хаст дæс æма æхсæзинсæй 11-17-анздзуд биццеуи.

Барадæгъæуайгæнæг-патриотон профилон кезу æнхæст кæнгæй, пъæлици косгутæ сæ министр, пъæлици инæлар-лейтенант Андрей Сергееви разамундæй архайунцæ раст надбæл æнагъонти гъуддæгути дæлхайæдти номхигъдтæмæ хаст сувæллæнтти раст надбæл исæвæрунбæл.

Цæгат Иристони медгъуддæгути Министради фæндонæй, уæдта нæ республики Сæргълæууæги, Хецауадæ æма царди зин уавæри бахауæг сувæллæнтти гъæуайкæнуйнади Фонди агъазæй 2017 анзæй фæстæмæ æнхæстгонд цæуй профилактикон мадзал «Патриот». Раздæри æнзти куд адтæй, уотæ аци хатт дæр уой бабæй исаразуни размæ æнхæстгонд æрцудæй устур еумæйаг куст, аллихузон ведомствити минæвæртти хæццæ арæзт æрцудæнцæ гъуддаги фембæлдтитæ.

Мадзали программæмæ бахастонцæ нæ республики медгъуддæгути Министради дæлхайæдти косгути мастер-класстæ, ветеранти хæццæ арæзт бæгъатæрдзийнади уроктæ, исфæлдистадон æма техникон æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнадæ æма ахуради къабæзти минæвæртти зундгонд спортсменти хæццæ фембæлдтитæ, физикон æма медицинон цæттæкæнуйнадæй, хуæнхон туризмæй ахурадæ, зæрдæбæлдарæн бунæттæмæ экскурситæ, уæдта æфсæддон-патриотон тематикæбæл видео-кинонивтæмæ бакаст.

Уомæй уæлдай лагери фиццаг хатт байгон кæндзæнæнцæ уæлæнхасæн ахуради секцитæ (хузгин зменсæй аппликацитæ, бæстæзонуйнадæ, туризми бундортæ, шахмæттæ, уæдта раззаг компьютерон технологитæ рахатуни фæдбæл наукон-техникон æрмадзитæ). Æнагъонтæ цардиуаги социалон-пайдайаг хузти ке архайунцæ, уой фæрци, æруагæс кæнуй, фæззиндзæнæй гæнæнтæ сæ зундирахаст æма уодиконди райрæзт гъæугæ хузи аразунæн.


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

***Сæйгæ адæмæн лæвар хуастæ дæттунæн æма æндæр гъæугæ медицинон фæрæзнитæ æлхæнунæн федералон бюджет радех кæндзæнæй 3 миллиард соми. Цæгат Иристонæн си рахай кæндзæнæнцæ 12 миллион сомемæй фулдæр. Уонæй ма адæми льготон къуæрттæн дæтдзæнæнцæ сæрмагонд дзæбæхгæнæн хуаллаг дæр.***

## ЦУБУРДЗУРДÆЙ...



**СОЛИТИ Тариэль,**
**нæ республики транспорт æма нæдти инфраструктури Комитети сæрдар**

– Уæрæсей Хецауадæ Цæгат Иристонæн радех кодта 1,9 миллиард соми нæдти хæдзаради райрæзти мадзæлттæ æнхæст кæнунæн. Уонæй 823, 9 миллион соми харзгонд гъæуама æрцæуонцæ автомобилон над «Дзæуæгигъæу-Æрæдон-Чикола-Лескен-2» арæзтадæ фæуунбæл, 865,9 миллион соми ба – федералон над А-164 «Транскам»-и Дæллаг Зæрæмæгмæ хæстæг объектти реконструкцийæн, уæдта уордигæй рекреацион комплексмæ автомобилон над арæзунмæ.



Компани «Кавкази сæнæфсерикустгæнæг» Мæздæги райони æнхæст кæндзæнæй агъазиау проект – сæнæфсерæ æма æ идарддæри куст, уæдта сæнæ уадзун (2 миллион авги анзмæ). Нерæнгæ бал гъæу Комаровай рази 259 гектаремæй дæс æма инсæйемæи ниссагътонцæ немуцаг сорт «Монарх»-и талатæ. Фиццаг тиллæг си æрæмбурд кæнунмæ гъавунцæ æртæ анзей фæсте. Уæдмæ станицæ Луковскойи исараздзæнæнцæ сæнæуадзæн завод. Куд нисан кæнунцæ, утемæй исонибонмæ сæнæфсерæдæнтти фæзуат гъæуама исуа 2500 гектари.



Цæгат Иристони астæуккаг ахургæнæндæнтти бундоронæй цалцæг кæнуни программæмæ хаст æрцудæнцæ 63 скъолай. Уой фæдбæл харзгонд æрцæуздзæнæй 3,7 млрд соми. Еугур рауæнти дæр куститæ гъæуама æнхæстгонд фæуунцæ 2023 анзи. Ирæфи райони дæр капиталон цалцæггонд цæунцæ скъолатæ Æхсæрисæри, Дæргъæвси, Советони æма Чиколай (æртиккаг скъола). Куд нисан кæнунцæ, утемæй гъæуама исцæттæ уонцæ ахури нæуæг анзи райдайæнмæ.

## ХУАРЗ ХАБАР – НИФСДÆТТÆГ!..

**Сæрди кæронмæ Дзæуæгигъæуи гъæуама косун райдайа нæуæг хуйæн фабрикæ. Косгæ ба си кæндзæнæй 700 адæймаги.**

***

Дзæуæгигъæуи афицерти Хæдзари фæзуати нисан кæнунцæ къайадæ федар кæнуни Галауан. Нури азгъунсти разуйндæ гъæуайгонд æрцæуздзæнæй, æцæг æй уотæ барæвдзитæ кæндзæнæнцæ, цæмæй уа федауцæй-федауцæдæр.

***

**Дзæуæгигъæуи Жуковскийи номбæл сувæллæнтти парки цалцæггæнæн куститæ æгæр ке ниддæргъвæтийнæ ‘нцæ, уомæ гæсгæ нæ республики Сæргълæуæг Сергей Меняйло сахари разамундæй карзæй байхæс кодта, цæмæй аци фæллæдуадзæн æма хеерхæфсæн рауæн цæттæ уа тæккæ цубурдæр рæстæгмæ.**

***

Дзæуæгигъæуи бугъгалæнти полигони рекультиваций рæстæг уордæмæ баласдзæнæнцæ гъæздуг мæрæ æма еугур фæзуат дæр зайæгойтæй исфæлгонц кæндзæнæнцæ, ниссадздзæнæнцæ си цуппар минемæй фулдæр бæлæстæ æма къотæртæ.

***

**Æнæнхæст бæрнонади æхсæнадæ «Алани-æхсир» ци агрохолдинг исаразуйнаг æнцæ, е æрбунат кæндзæнæй Мæздæги æма Рахесфарси районти. Куд нисангонд цæуй, утемæй арæзт æрцæудзæнæнцæ, 5760 стори кæми уодзæнæй, уæхæн дууæ æхсиритоварон ферми, уой хæццæ ба ма хуаллаг цæттæгæнæн завод æма хуардарæн бунæттæ.**

***

Нæ бæсти Президент Владимир Путин æрæги ци Указ бафинста, уомæ гæсгæ уæрæсейаг уæлдæр ахургæнæндæнтти бюджетон бунæттæн сæ 10 проценти лæвæрд цæуонцæ, Украинæ æма Донбасси нуртæккæ ци сæрмагонд тугъдон операций цæуй, уоми ка фæммард æй, уæдта ма си абони ка архайуй (Укази бæлвурдгонд æнцæ, еци нимæдзæмæ ка хауй, уони номхигъд), уони цæуæттæн. Уой дæр – ка фæммард æй кенæ уæззау цæф ка фæцæй, ка фæссæйгæ ‘й, уони сувæллæнтти бацæуæн фæлварæнтæ дæттун нæ гъæуздзæнæй (исфæлдистадон дæсниадтæмæ цæунæн уæлæнхасæн фæлварæнтæй уæлдай), иннæ тугъдонти сувæллæнтти ба есдзæнæнцæ ахурмæ бацæуæн фæлварæнти бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ.

***

**Цæгат Иристони Центр «Мæ бизнес» хуæрзауодæн фонд «Хуарздзийнадæн уæн ес»-и хæццæ игъосун кæнунцæ, ахури нæуæг анзи размæ ке райдæдтонцæ мадзал «Сувæллони исрæвдзæ кæнæ скъоламæ цæунмæ», уой. Æ нисан æй – нæхъæртондзийнадтæ æййафæг бийнонтæн фæййагъаз кæнун сæ сувæллæнтти скъоламæ цæуни агъоммæ гъæугæ дзаумаутæй исефтонг кæнуни гъуддаги.**



## ДЗУБАНДИ–АХСГИАГ ФАРСТАТÆБÆЛ

АДТÆЙ алликъуæреуон аппаратон æмбурд. Амудта ‘й республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**. Æмбурди архайдтонцæ министртæ, хецауадæ, федералон оргæнти фæзуатон управленити разамонгутæ, районти администрацити минæвæрттæ.

Ногири район райдæдтонцæ Терки билгæрæнттæ кæдзос кæнуни куститæ. Аци рауæн нурма бал æ тухи æй æнæнгъæлæги цаутæй багъæуай кæнуни фæткæ. Уой фæдбæл, уæдта, республикæбæл ци сахуарунтæ ‘рцудæй, уони фæстеугутæ еуварс кæнуни фарстабæл æмбурди дзубанди кодта Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Томайти Ирбег**. Бæрæг куд æй, утемæй сахуарунти фæсте Терки дон уæлæмæ иссудæй. Уой фудæй, коллектори хæтæл цæфбæл æнцойнæ кодта, еци конструкци, уæдта Михайловски гъæуи æма Ногири ‘хсæн машинтти хед гъигæдард байфафтонцæ.

Льготитæй пайдагæнæг адæмæн хуастæ, гъæугæ медицинон дзаумау æма медицинон сæрмагонд хуæлцадæ лæвар цæмæй уа, уой туххæй Цæгат Иристон райсдзæнæй 12 миллион соми. Ӕдеугурæй ба аци нисантæн Уæрæсей регионтæн дехгонд æрцæудзæнæй 2,9 миллиард соми. Уой фæдбæл бардзурд бафинста Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдар **Михаил Мишустин**. Аци æхцайæй еу миллиард соми лæвæрд æрцæудзæнæй уæлæнхасæнæй, дууæ миллиардмæ хæстæг ба æвæрд æнцæ 2022 анзи федералон бюджети æма сæ радех кæндзæнæнцæ регионти ‘хсæн.

– Республики Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради гъæуй æнгомдæр косун федералон министрадти хæццæ, испайда кæнун агъази еугур мадзæлттæй дæр, цæмæй агъаз афойнадæбæл хъæрта республикæмæ æма комкоммæ нисантæбæл харзгонд цæуа, уой туххæй, – бафеппайдта Дзанайти Барис.

Куд фегъосун кодта, утемæй нæ республики Сæргълæуууæг **Сергей Меняйлой** баргондæй ин адтæй фембæлд Уæрæсей Федераций культури министри хуæдæййевæг **Сергей Обрывалини** хæццæ.

Дзубанди кодтонцæ Аланистони исаргъуди 1100 анзей бонмæ цæттæгæнæн куститæбæл. Пъланмæ гæсгæ, аци цитгин бон Цæгат Иристон исбæрæг кæндзæнæй 2024 анзи. Куд фæндæ кæнунцæ, утемæй еци нисани хæццæ республики арæзт æрцæудзæнæнцæ культурон, рохсадон, наукон, спортивон мадзæлттæ.

Уомæй уæлдай, Дзанайти Барис дзубанди кодта, Тæбæхсæути Балой номбæл Цæгат Иристони паддзахадон академион театр, уæдта Евгений Вахтангови номбæл Уруссаг академион театр райаразуйнаг-цалцæггæнуйнаг æнæмæнгæ ке ‘нцæ, уобæл. Арæзтадæ æма архитектури министр **Моргуати Константини** игъосункæнуйнагмæ гæсгæ, аци дууæ косæндони бундорон цалцæгæн гъæугæ гæгъæдитæ нуртæккæ цæттæгонд цæунцæ.

Хецауади Сæрдар æмбурди архайгутæн се ‘ргом раздахта, Мæздæги æма Горæтгæрон районти социалон-экономикон ирæзти мадзæлттæн ци гæгъæдитæ гъæуй, етæ федералон центрмæ бавдесунмæ афойнадæбæл цæттæ кæнуни фарстамæ. Уобæл дзубанди цудæй, амæй размæ Сергей Меняйлойæн Уæрæсей вице-премьер **Александр Новаки** хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми.

Алагири, Æрæдони, Дигора æма Беслæни бугъдæнттæ искæдзос кæнуни проектон-хæрзти гæгъæдитæ ‘нцæ цæттæ, æма сæмæ нуртæккæ каст цæуй Æрдзæй пайда кæнуни къабазæмæ цæстдарди федералон служби. Аци хабар æмбурди фегъосун кодта республики экологи æма æрдзон фæрæзнити министр **Кокойти Витали**.

Профилон министрадæн Дзанайти Барис бабарæ кодта, цæмæй афойнадæбæл бацæттæ кæнонцæ, цæугæдæнтти билгæрæнттæ фæффедар кæнуни куститæ республики куд цæунцæ, уой фæдбæл федералон центрмæ игъосункæнуйнаг.

## ФÆЛЛАД УАДЗУНÆН РАВГИТÆ – ХÆРХÆ!..

УÆРÆСЕЙ фæллойни æма социалон райарæзти министрадæ исбæлвурд кодта бæрæгбæнттæмæ гæсгæ æнæкосгæ бæнттæ. Нæуæганзон каникултæ рахæсдзæнæнцæ 2022 анзи 31 декабрæй (еци бон еугур Уæрæсей дæр уодзæнæй æнæкосгæ) ба 2023 анзи 8 январи уæнгæ. Кустмæ рацæуни бон – 9 январь. Фидибæстæ гъæуайгæнæги Бони фæдбæл кæци хауй цуппæрæнмæ, нæ бæсти цæргутæ сæ фæллад уадздзæнæнцæ майрæнбони, 24 февралей дæр ма – æма утемæй косгæ къуæре ба рахæсдзæнæй æртæ бони. Силгоймæгти Æхсæндуйнæуон бон хауй æртиккæгмæ æма къуæрей астæу уодзæнæй фæлладуадзæн бон. Иннæ анзи майи мæйи æнæкосгæ уодзæнæй æ фиццаг бон, кæци хауй авдисæрмæ, уæдта 8-аг æма 9-аг майи (авдисæр æма геуæргибони) – рауайдзæнæй дууæ минкъий каникултæ, æртæ æма цуппар боней дæргъи, Уæрæсей Бон дæр 2023 анзи (12 июни) уодзæнæй æнæкосгæ авдисæр. Еума æнæкосгæ авдисæр ба уæрæсейæгтæн балæвар кæндзæнæй адæмон еудзийнади Бон: е бæрæггонд фæццæуй 4 ноябри æма 2023 анзи е хауй сабатмæ, уомæ гæсгæ ба фæлладуадзæн бон хаст æрцæудзæнæй иннæ къуæрей райдайæнмæ, гъома, авдисæрмæ.

Аци хабæрттæ, ка ‘й зонуй, беретæн æхцæуæн уодзæнæнцæ. Фал ибæл лæмбунæг ку рагъуди кæнæн, уæдта сагъæсгъон адæймаг куд нæ бафæрсдзæнæй: «Нæ абони берæ цæмæйдæрти нæхъæртон рæстæгути нæ уалгай бæнттæ нæ косунмæ куд евдæлуй?..»




**Зундгонд уруссаг лингвист, кавказаг адæмихæттити æвзæгти бундорон æртасæн кустити автор Шифнер Антон Антони фурти райгурдбæл 18 июли æнхæст кæнуй фондз æма дууæсæдæ анзи (1817-1879).**

# ÆНГЪÆЛМÆГÆСÆГИ КЪОХ ИДЗАГ НÆ КÆНУЙ?..

АДÆЙМАГИ уодигъæдæ уотæ ‘й, æма еуцæйбæрцæдæр нифсгун ку уа, уæд уæгæ некæд мæлуй, цийфæнди тухст уавæрти дæр хуæздæрмæ фенгъæлмæ кæсуй. Фал цардмæ дæр æхе кæнуйнадæ ес, æма си алци нæ рауайуй, мах куд фæффæндуй, уотæ. Уомæн цалдæр æвдесæни æрхæсдзинан аци бæнтти цаутæй.



***

Зæгъæн, ес республикон программæ «Æригон бийнонтæн – аслан цæрæнуæттæ». Æма е куд æнхæстгонд цæуй, уой фæдбæл хецауадон аппаратон æмбурди дзубандий рæстæг куд рабæрæг æй, уотемæй 2003-2007 æнзтæн арæзт программи архайæг бийнонтæй дууæ æма æртинсæй нерæнгæ нæма райстонцæ, ци фатертæ син æнгъизтæй, уони.

Уой фæдбæл нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло æмбурди уотæ загъта:

– Гъулæггагæн, фæстаг дæсгай æнзти дæргъи хецаудзийнадæ адæмæй берæ цæмæйдæрти байзадæй ихæсгинæй. – Ке зæгъун æй гъæуй, еугур фарстатæ уайсахат нæ ралух кæндзинан. Фал, зæгъæн, æригон бийнонтæн цæрæнуæттæ дæттуни фарстати фæдбæл бæлвурд унаффæ рахæссун гъæуй: кенæ нуриккон программæ кæронмæ рахъæртун кæнун гъæуй, кенæ ба нæуæг исаразæн. Уой дæр уæхæн хузи, цæмæй си бæлвурд равгитæ уа программи архайæг бийнонти еу хаййæн сæ цæрæнуæттæ кæронмæ арæзт фæуунæн, иннетæн ба си бæрæггонд æрцæуонцæ компенсацитæ бафедуни гæнæнтæ. Аци фарстай фæдбæл унаффи проектмæ Хецауадæ гъæуама æркæса июли кæронмæ.

***

Адæмæн абони уæлдай сагъæссагдæр фарстатæй беретæ баст æнцæ æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази нæхъæртондзийнæдти хæццæ. Зæгъæн, поликлиникитæмæ бацæуæг сæйгитæ фулдæр гъаст кæнунцæ, уоми кезуй æгæр берæ лæуун ке багъæуй, кенæ ба, ци процедуритæ син иснисан кæнунцæ дохтиртæ, уони райдайунæн сæ æнгъæлмæ кæсун багъæуй кæми цалдæргай бæнттæ, кæми ба къуæретæ. Уой фæдбæл син еци косæндæнтти рарæуууонæ кæнунцæ, гъома дохтиртæ æма специалисттæ нæ фагæ кæнуй. Æма, ка 'й зонуй, е раст æй. Фæстаг рæстæгути аци къабази цидæр сæргъæн «оптимизаций» рæуонæй ци æйййивддзийнæдтæ æрцудæй, уой фудæй медицинон косæндæнтти хъæбæр цубуртæгонд æрцудæй специалистти бæрцæ. Е цæйбæрцæбæл рæдуд адтæй æма цæйбæрцæбæл знаггадæ æрхаста аци, адæмæн тæккæ ахсгиагдæрæй гъæугæ къабази, уобæл исарази æнцæ хецаудзийнади тæккæ уæлдæр рауæнти дæр, фал уавæр куд тæвдхæлæфæй æй райаразтонцæ, уотæ нæ тагъд кæнунцæ æ исраст кæнунмæ.

Æма адæймаг куд нæ бадес кæна: поликлиникитæ æма сæйгæдæнтти косгути штаттæ еци цубуртæгондæй изайунцæ, уотемæй ба, ка си исбæззидæ, уæхæн специалисттæ республики адæми кустефтонгдзийнади Комитет куд игъосну кæнуй, уотемæй æгусти хигъди лæуунцæ 128 медикки.

Иннæ дессаг ба ма е æй, æма, аци Комитет куд игъосун кæнуй, уотемæй нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази нуртæккæ ес 122 уæгъдæ косæн бунати. Нæ фагæ кæнуй 95 дохтири, 27 медицинон хуæри.

Дессаг уæмæ нæ кæсуй аци уавæр: еуæрдигæй уойбæрцæ медиктæ æгустади хигъди лæуунцæ, иннемæй ба уойбæрцæ медиктæ нæ фагæ кæнуй нæ медицинон косæндæнтти? Æма хуæздæр нæ уидæ, еци «дессагдзийнадæ» цæй æма ке фудæй исæвзурдæй, уой дзубанди адæми æнæнездзийнадæ æма уодæнцойнæдзийнади туххæй цæуа, уæд рæууæнттæ æма фæстæтæрæнтæн æгириддæр бунат ма уа…

***

Сосæни мæйи райдайæни Цæгат Иристони фæффулдæр æй æрдзæн газбæл феддон. Цæргутæ амæй фæстæмæ гази еу кубометрбæл феддзæнæнцæ 6 соми æма 52 къапекки. Е дессаг нæй – Уæрæсе сауæнгæ фæсарæнтæ дæр ма æфсадунцæ нæ æрдзон газæй, уоййасæбæл берæ æхцатæ си бакосунцæ, æма уонæй, æвæдзи, æнгъезуй нæ адæмæн газæй пайда кæнуни æнцондæр уавæртæ аразун.

Фал газ уæйæ кæнуни пайдатæ ке къохтæмæ æфтуйунцæ, уонæмæ хумæтæг адæми сагъæс нæййес.

***

Аци хабæрттæмæ гæсгæ зæрдæбæл æрбалæудтæй мæнæ ауæхæн таурæхъ. Цæветтонгæ, еу сæйгæ лæгмæ дзæбæхгæнæг ку ‘рбацудæй æма ‘й, куд дæ, зæгъгæ, ку бафарста, уæд ин рагъаст кодта, гъома, æгæр хед кæнуй. Дзæбæхгæнæг ин загъта:

– Е хуарз æй…

Иннæ æрбацуди дæр æй ку бафарста, куд дæ, зæгъгæ, æма ин сæйгæ ку рагъаст кодта, гъома, еудадзуг ехæн кæнуй, уæд ин загъта:

– Е дæр хуарз æй…

Дзæбæхгæнæгæн е ‘ртиккаг æрбацуди, доннез мæмæ фæззиндтæй, зæгъгæ, ку рагъаст кодта, уæд ин е ба загъта:

– Мадта е дæр хуарз æй…

Уæдмæ сæйги бабæрæг кодта æ хеуæнттæй кадæр æма ‘й, куд дæ, зæгъгæ, ку бафарста, уæд еци тухстхузæй загъта:

– Уоййасæбæл хуарз, æма мæ тæккæ афонæ æй рамæлунæн…

Гъе уотæ ‘й мах уавæр дæр: нæ царди уавæртæ фæххуæздæр кæнуни гъуддæгутæ кæмæй аразгæ ‘нцæ, етæ нин нæ абони нæхъæртондзийнæдтæ хуарзбæл нимайунцæ, æма, сæхуæдтæ амондгун унæн алцæмæй дæр æнхæст уогæй мах дæр амондгунбæл нимайунцæ…

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Еу зæронд уосæн æ цæститæ ристæнцæ, æма ци дзæбæхгæнæги байхуæрста, уомæн зæрдæ байвардта, хуарз дзæбæхгæнæггагæй – æцæг мин сæ исрæвдзæ кæнæ. Е имæ ку ‘рбацæуидæ, уæд ин æ цæститæ цидæр хуасæй райсæрдидæ, æма ин зæгъидæ, еуцæйбæрцæдæр цъундæй рабадæ. Æхуæдæг ба ин еци рæстæг æ дзаумæуттæй ести райсидæ, уотемæй фендæдуар уидæ. Цидæриддæр си адтæй тæлæт кæнуйнагæй, уони хаст ку фæцæй, уæдта зæронд уосæн загъта, гъома, исдзæбæх дæ кодтон æма мин мæ феддон рахæссæ. Е уобæл ку нæ арази кодта, уæдта ‘й бамедæг кодта тæрхонгæнгутæмæ. Æма уоми ба силгоймаг куд загъта, уотемæй дзæбæхгæнæгæн дзæбæхгæнæггагæй зæрдæ байвардта, æ цæститæ ин ку исдзæбæх кодтайдæ, уæд. Уæд ин куд гъæуама бафеда, кæд æма уой «дзæбæхгонди» фæсте æ цæститæй хуæздæр нæ, фал бустæги лæгъуз уинун байдæдта:*

*– Раздæр дзæбæх уидтон мæ хæдзари мæ еугур дзаумæуттæ дæр, нур ба си æгириддæр нецибал уинун…*

Мадта Уæрæсей фæллойнæгæнæг дзиллæбæл дæр еци зæронди цау ку ‘рцудæй. Советон цардарæзти фехæлди фæсте нин унаффæгæнæг ци «нæуæг фæтæгтæ» иссæнцæ, етæ нин берæ дессагдзийнæдтæй зæрдитæ бæргæ æвардтонцæ, фал… Нæдæр аразгæ неци искодтонцæ, уой хæццæ ба ма сæ налат миути фудæй нæ еугурадæмон есбонади гъæздугдзийнæдтæ фæццидæр æнцæ. Уогæ бæрæг æй, ци фæцæнцæ: нæ паддзахади хуардæнтти дæгъæлтæ ке къохти ‘нцæ, уони æма сæ хеуæнтти гомти равзурстæнцæ…



**Уинстон ЧЕРЧИЛЛЬ (1874-1965), Британий паддзахадон архайæг: «Царди цæмæй дæ къохи ести бафтуйа, уой туххæй дæ гъуддагмæ еудадзугдæр хъæбæр зæрдиагæй кæсай, дæхемæ ба æгириддæр макæд кæсай зæрдиагæй…»**

Ци хуарз уидæ, аци загъдмæ гæсгæ сæ цардиуагæ ку аразиуонцæ нæ нуриккон разамонгутæ, гъулæггагæн, нерæнгæ ма си сæ фулдæр хуæст æнцæ бустæги æндæр зурдирахастбæл: паддзахадон гъуддæгутæ сæ бæрни уогæй, уонæбæл зæрдиагæй архайуни бæсти зæрдиагæй аразунцæ айдагъдæр сæхе гъуддæгутæ.



**Петр I (1672-1725), фиццаг уæрæсейаг император: «Паддзахади æфтуйæгтæмæ хæдзардзинæй кæсун гъæуй. Уони туххæй æз Хуцауи рази дæттун дзуапп…»**

Нуриккон Уæрæсей хецаудзийнадæмæ Петр I хъæбæр бæрзонд цæстиварди бæргæ 'й, фал æй æ аци æма е ‘ндæр зундгин зæгъдтитæй ба нæ фæнзунцæ. Æма паддзахадон есбонадæмæ хæдзардзинæй кæсуни бæсти си, ке равгитæ куд æнцæ, уотæ еци давæги давунцæ… Хæлæттаггæнгути еци æндиуддзийнадæ лæдæрд æй – сæ фулдæремæй дзуапп байагорæг нæййес…



**Екатерина II (1728-1796), Уæрæсей императрицæ: «Еу æвуд адæймаги зулунгинбæл банимайуни бæсти дæс фудгини растбæл банимайæ…»**

Силгоймаг-паддзахи аци загъд нуриккон Уæрæсей æгæр комкоммæ лæдæрд цæуй – æркæсайтæ, цæйбæрцæ фудгинæй-фудгиндæр, уой дæр агъазиау фудракæндтитæ сауæнгæ паддзахадæн æхе нихмæ исаразæг адæймæгутæ æнайæнойти кедæр (æвæдзи, хецаудзийнади бæрзондбадгути) фæндæй куд «рараст» унцæ. Уотемæй ба беретæ кенæ æвудæй, кенæ ба ести листæг фудракæнди туххæй карз æфхуæрд æрцæуунцæ.

**АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..**

## ÆВÆРÆНТÆ, Æ ИСОНИБОНБÆЛ КА САГЪÆС КÆНУЙ, Е АРАЗУЙ...



*«Уæ бийнонтæмæ ес æхцай æвæрæнтæ?..» – уæхæн фарста дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ равардтонцæ уæрæсейæгтæмæ нæ бæсти алли регионти. Æма син дзуæппитæ ка равардта, уонæй айдагъдæр сæ* **33** *процентемæ разиндтæй уæхæн æвæрæнтæ. Анзи размæ уæхæнтти бæрцæ адтæй* **3** *проценти фулдæр. Куд ма рабæрæг æй, уотемæй æвæрæнтæ ахиддæр кæнунцæ* **18-24** *анзей кари фæсевæд, æнхæст æма æнхæст уæлдæр ахургонддзийнадæ кæмæ ес, етæ, уæдта Мæскуй æма Санкт-Петербурги цæргутæ. Уой хæццæ ба, æвæрæнтæ ка кæнуй, уонæн сæ* **27%** *куд зæгъунцæ, уотемæй тæккæ гъæуагæдæрдзийнæдтæбæл фæстауæрцæ кæнунцæ. Уæхæн æвæрæнтæ кæмæ ес, уонæн сæ* **60%** *багъудæй сæ фæрæзнитæ фæстаг анзи дæргъи æнæнгъæлти гъæуагæдзийнæдтæбæл харз кæнун.*

**Зундгонд кæсгон финсæг Браев Адалби Галили фурти райгурдбæл 15 июли æнхæст кæнуй финддæс æма æртинсæй анзи. Æ уадзимистæ мухургонд цудæнцæ куд æхе маддæлон æвзагбæл, уотæ уруссаг æвзагмæ тæлмацгондæй дæр.**

***Д. ИСАКОВ, æфсæддон журналист: «Махъоти Алихани хæццæ ку дзубанди кодтан, фулдæр ирæзгæ фæлтæрти патриотон гъомбæлади туххæй, уæд имæ игъустон æма гъуди кодтон, уомæн æхе намусгин цардвæндаги хабæрттæ æнцæ тæккæ ахедгæдæр дæнцæн кæстæртæн бафæнзунæн».***



***МАХЪОТИ** Амурхани фурт Алихан райгурдæй 1922 анзи 17 июли Чиколай хумæтæг зæнхкосæги бийнонти. Гъæуuон скъолай аст къласи каст фæуuогæй, куста колхози бухгалтерæй. Советон Æфсадмæ имæ фæдздзурдтонцæ 1941 анзи январи. Орджоникидзей тугъдон фестæгæфсæддон училище 1942 анзи каст фæуuогæй æрвист æрцудæй фронтмæ. Батальони сæргъи уогæй, бавдиста устур æфсæддон дæсниадæ, е ’мтохгæнгути хæццæ æнтæстгинæй æнхæст кодтонцæ сæ размæ æвæрд ихæстæ.*

*Уæлдай хъæбæрдæр ба Махъой-фурт фескъуæлхтæй Берлин байсунбæл тугъдтити рæстæг, æма ин уой туххæй исаккаг кодтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном – еци цитгин ном ин лæвæрд æрцудæй 1946 анзи 15 майи.*

*Æфсади рæнгъити фæцæй 1956 анзи уæнгæ. Уой фæсте ба иссудæй æ райгурæн Иристонмæ, куста аллихузон хæдзарадон къабæзти разамонæгæй.*

*Æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Ленини дууæ орденемæй, Сурх Турусай, Александр Невскийи, Фидибæсти тугъди (I къæпхæни) ордентæй, берæ майдантæй. Æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1981 анзи 27 мартъий, нигæд æй Чиколай æфсæддон уæлмæрдти – уоми нигæд æнцæ, Алиханæн Устур Фидибæстион тугъди рæстæг æ райгурæн зæнхæбæл немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тугъдтити æ тугъдон æмбæлттæй ка фæммард æй, етæ, æма уомæ гæсгæ æхуæдæг ниуuосиат кодта, гъома, уоми мæ байвæрдзинайтæ, ме 'мтохгæнгути фарсмæ æй мæнæн дæр мæ æносон бунат.*

*Нæ Иристони номдзуд бæгъатæри ном æносон кадæ æма намусæй цæруй æ уарзон дзилли зæрдити, нæ абони цардарæзти. Æ номбæл ес гъæунгæ Чиколай, æ ном хæссуй, кæддæр æхуæдæг кæми ахур кодта, Чиколай еци скъола, æ фарсбæл æвæрд æрцудæй мемориалон мраморон фæйнæг. Уæхæн фæйнæг æвæрд æй, Дзæуæгигъæуи ци хæдзари цардæй (Бутырини гъæунгæ, 8), уой фарсбæл дæр.*



***МАХЪОТИ Алихан (рахесæрдигæй дуккаг) Устур Фидибæстон тугъди архайгути æхсæн. Галеуæрдигæй фиццаг – е ’мтохгæнæг Иван СВИРИДОВ, мæнæ дæлдæр ци æрмæг мухур кæнæн, уой автор.***

# ÆМА БЕРЛИНÆН Æ БÆРÆГАСТÆУ Æ СÆРМÆ НИССАГЪТОНЦÆ СУРХ ТУРУСА!..

**ИВАН СВИРИДОВ,**
**болкъон, 295-аг фестæг æфсæддон дивизий штаби раздæри хецау.**

Номдзуд тугъдон Махъоти Амурхани фурт Алихани туххæй мæ мæ радзубанди фæндуй райдайун, æ рæстæги æй бæрзонд хуæрзеуæгæй исхуарзæнхæгин кæнуни туххæй ин ци сæрмагонд гæгъæди бацæттæ кодтонцæ, уомæй еуцалдæр рæнгъи æрхæссунæй:

«Махъоти Амурхани фурт Алихан. Æ тугъдон цин – майор. 295-аг фестæг æфсæддон дивизий 1042 полкки командири хуæдæййевæг. Ирон. Большевикти партий иуонг. 1943 анзи 31 мартъий Кубани бунмæ, уæдта цæугæдон Днестри сæрти хезгæй, Молдавий, уой фæсте Берлини бунмæ фæццæф æй. Амæй размæ ин лæвæрд æрцудæй хуæрзеугутæ: Ленини, Сурх Турусай, Фидибæсти Устур тугъди фиццаг къæпхæни, Александр Невскийи ордентæ æма майдантæ. Æй Цæгат Иристони Ирæфи райони Чиколай цæрæг. Аци гъуддаги гæгъæдитæй ба æвдист цæуй, цæмæй ин лæвæрд æрцæуа Советон Цæдеси Бæгъатæри ном».

Еци хабæрттæ финстонцæ, немуцаг-фашистон æрдонгти бустæги ниддæрæн кæнунмæ ма нимад рæстæг ку байзадæй, уæд. Нур еци гæгъæдитæбæл рæстæг æ фæд ниуuагъта æма бор-борид иссæнцæ, фал сæмæ уæддæр ку ‘ркæсай, уæд зæрдæбæл бæлвурдæй-бæлвурддæрæй æрбалæуунцæ еци тугъдон дзаманти цаутæ. Раст цума мæнæ нуртæккæ дзоруй, уоййау гъостæбæл рауайунцæ Еугурцæдесон радиой номдзуд диктор Юрий Левитан еудадзуг ке игъосун кодта, еци хабæрттæ æма цаутæ.

Уонæн сæ тæккæ ахсгиагдæр ба, æвæдзи, иссæй, 1945 анзи 2 майи Совинформбюрой номæй ци хабар фегъосун кодта, е: «Белоруссий фиццаг фронти æфсæдтæ Украини фиццаг фронти коммæ агъазæй, карз тугъдтити фæсте, ниппурхæ кодтонцæ фашистон Германий тугъдон хæйтти, æма абони, 2 майи, байахæстонцæ Германий сæйраг сахар Берлин – империализм æма тугъдæндзаргути хуккойнæ, сахар ка гъæуай кодта, еци немуцаг гарнизон æ къохтæ исдардта бони æртæ сахаттебæл æма æхе уацари равардта»...

Алкæмæн дæр æхцæуæн куд нæ адтайдæ, 1418 бони æма æхсæви ци тогкалæн карз тох цудæй, уой кæрон фегъосун! Советон адæм бахуæстæнцæ еугур дуйней цифуддæр знаг – фашизми хъурбæл. Æргом æй ку зæгъон, уæд еу адæймагæй мæнæн еци уæлахездзийнади хабар уæлдай æхцæуæндæр адтæй. Уомæн, æма имæ хаст æрцудæй мах номдзуд Херсойнаг еугонд æфсæддон хаййи рæнгъон тугъдонтæ æма афицерти агъазиау байвæрд дæр. Еугондæн Советон хецауадæ хумæтæги нæ исаккаг кодта Ленини, Сурх Турусай æма Суворови дуккаг къæпхæни ордентæ. Еци æфсæддон хаййи тох кæнгæй лейтенант Махъоти Алихан исирæзтæй майори уæнгæ, лæвæрд ин æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Махъой-фурти тугъдон над, зæгъун æнгъезуй, райдæдта немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ Кавкази уорссæр хуæнхти тугъдтити æма цифуддæр знаги дæрæн кæнгæй, сауæнгæ Берлини уæнгæ бахъæрттæй. Мах æфсæддон хаймæ ку ‘рбафтудæй, уæд ибæл инсæй анземæй æндæр нæма цудæй. Е ба адтæй 1942 анзи нæ дивизи Нальчикки рæбун, цæугæдон Баксани рази фашистти нихмæ карз тох ку кодта, уæд. Куддæр æрбацудæй, уотæ ’й пулеметæй æхсæг роти командирæй исæвардтонцæ. Ка ’й зонуй, куд нæуæг фæззиннæг адæймаг, уæдта имæ тугъдон фæлтæрддзийнадæ дæр уоййасæбæл ке нæма адтæй, уомæ гæсгæ ибæл æ уæлдæр командиртæ сæ зæрдæ дæр æнхæст дæр нæ дардтайуонцæ, фал еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте рабæрæг æй æ сæрæндзийнадæ. Æ дæлбарон пулеметæй æхсгутæ, цæвæгæй кæрдæгау, дæрæн кодтонцæ фашистти, етæ Орджоникидземæ, Грознамæ æма Бакуй нефтцъирæнтæмæ,



***МАХЪОТИ Алихан (галеуæрдигæй) æ тугъдон æмбали хæццæ.***

***В. ВИХРЕНКО, тугъдон журналист: «Чиколай рæбун тугъдтити рæстæг лейтенант Махъоти Алихан æ тугъдонти хæццæ æхсæвигон ци ниббурст исаразта, е уойбæрцæбæл æндиуд æма æнтæстгин адтæй, æма ибæл еугурæйдæр дестæ кодтонцæ. Уæхæн лæгдзийнæдæ ма цал æма цал хатти ма бавдиста Махъой-фурт».***



МАХЪОТИ Алихан фронти æ тугъдон æмбæлти хæццæ. (Разæй ци æртæ лæги бадуй, уонæй – астæуккаг).

Фæскавказмæ еци лæборæги ку тундзтæнцæ, уæд.

Цал æма цал хатти фæййагъаз кодта æ дæлбаронти хæццæ иннæ æфсæддон хæйттæн! Мæ зæрдæбæл ма абони хузæн лæууй, Кæсæг-Балхъари гъæутæ нин уадзгæ ку рауадæнцæ, еци зæрдрист гъуддаг. Уогæ æндæр гæнæн дæр нин нæ адтæй – знаг, гъулæггагæн, уæди рæстæги адтæй тухгиндæр. Мадта нæбæл Иристони зæнхæбæл дæр, зæгъæн, Дигоргоммæ бацæуæнмæ хæстæг гъæу Æхсæрисæри алфамбулай дæр хуæздæр бон нæ адтæй.

Уогæ еци фудрæстæг берæ нæ рахаста, цидæр адтæй, уæддæр Сурх Æфсадæн æнтæсун байдæдта знаги дæрæн кæнун, Цæгат Иристони зæнхæй æй фæстæмæ сорун. Гъе уотемæй 1942 анзи 31 декабри уæгъдæгонд æрцудæй Алихани райгурæн гъæу Чикола дæр. Уой фæсте не ʼфсæдтæ знаги ратардтонцæ Нальчиккæй, Ессентукийæй, Черкескæй, Армавирæй æма æндæр рауæнтæй.

Махъой-фурт 1944 анзи рагуалдзæги нисангонд æрцудæй фестæг æфсæддон батальони командирæй. Уæдмæ æ зонундзийнадæ дæр æма æ арæхстдзийнадæ дæр дзæвгарæ фæффулдæр æнцæ. Уæлдай бæлвурдæрæй е рабæрæг æй берæ ахсгиаг тугъдон гъуддæгути рæстæг. Зæгъæн, цæугæдон Днепри сæрти бахезуни тугъдтити рæстæг. Аци цæугæдон тæккæ урухдæр кæми ʼй, уобæлти æ иннæ фарсмæ гъудæй бахезун Махъой-фурти е ʻфсæддонти хæццæ. Æма еци ихæс исæнхæст кæнун кæд уæззауæй-уæззаудæр адтæй, уæддæр син бантæстæй.

Уой фæсте знаги къохтæй уæгъдæгонд æрцудæнцæ украинаг сахартæ Херсон, Николаев, Очаков æма Одессæ. Æмпурстонцæ Советон Молдавий сæйраг сахар Кишинев исуæгъдæ кæнунмæ, Польшæн сæребарæдзийнадæ ʻрхæссунмæ. Уотемæй бахъæрттæнцæ сауæнгæ Германий уæнгæ, æма 1945 анзи 29 январи уой зæнхæбæл фиццагидæр ка ʻрлæудтæй, уони хæццæ адтæнцæ Алихани тугъдонтæ дæр. Бæгъатæр командир æ зæрдæбæл бадардта, сахар Кюстрин фашистти къохтæй байсуни рæстæг. Еци сахар ба гитлеронтæ худтонцæ «Берлинмæ байервæзуни дæгъæл». Уобæлти гъæуама нимпурстайуонцæ Белоруссий фиццаг фронти æфсæдтæ Берлинмæ.

...1945 анз, апърели мæйи фæстаг бонтæ. Унтер-ден-Линден, зæгъгæ, хуннуй Берлини астæуккаг гъæунгтæй еу. Махъой-фуртæн бардзурд лæвæрд адтæй, еци гъæунги Æхцауадзæн азгъунст («Монетный двор») байахæссун. Æ батальони æфсæддонтæ, сæ цардбæл нæ ауæрдгæй, сæхе гæлстонцæ тохи артмæ. Цæфсунцæ берæуæладзугон хæдзæрттæ, бæстæ хъуæцæй нæ зиннуй. Агъазгæнæг некæцирдигæй ес.

Еци уавæри старшина Рощинæн бардзурд лæвæрд æрцудæй батальонæн хуаллаг æма тохæнгæрзтæ баласуни туххæй. Æ уодæй арт фæццагъта, фал ин еци бардзурд исæнхæст кæнун нæ бантæстæй æгæр æзмæнст уавæрти фудæй. Полкки командири гъæуайгæнæн риндзæмæ бацудæнцæ æма син уоми уотæ ку зæгъиуонцæ:

– Полкки хæццæ телефонæй бастдзийнадæ нæбал ес. Махъой-фурт ба уартæ еци хæдзари... Содзгæ ка кæнуй, еци дууеми нæ, фал æртиккаги æй æ батальон. Ести амалæй сæмæ бахъæртун гъæуй...

Еци загъд кæд бардзурди хузи загъд адтæй, уæддæр си карздзийнадæ ба нæ адтæй, уомæн æма полкки разамунд æй лæдæрдтæнцæ, куд зин уодзæнæй еци ихæс исæнхæст кæнун.

– Уæхе гъæуай кæнетæ, кенæ ба уæ уæрццити цагъд никкæндзæнæнцæ, – айдагъдæр ма уотæ рафæдзахста старшинайæн полкки комиссар Гордеев.

Рощин æфсæддонти хæццæ амунд хæдзари бацæуæнмæ багъузтæнцæ. Уоми син фегъосун кодтонцæ, идарддæр цæун тæссаг ке ʼй, уой. Ци над син байамудтонцæ, уобæлти æндæр хæдзарæмæ бацудæнцæ – еуминкъий рауолæфонцæ æма уавæртæмæ æркæститæ кæнонцæ. Гъæунги дууердигæй дæр дорти цæндитæй æзмæлæн нæййес.

Комкоммæ – Унтер-ден-Линден, зæгъгæ, гъæунгæ. Раст цума бонигон адтæй, уоййау рохс. Фашисттæ толгæндæй æнæсцохæй æхсунцæ. Не ʻфсæддонти ба гъæунги сæрти бахезун гъудæй. Старшина Рощин æхе фæгъгъæддухдæр кодта, батъæбæрт кодта æма игон дуарбæл азгъунсти фæммедæг æй. Кедæр федар къохтæ ин æ усхъитæ райахæстонцæ. Кæсуй æма дин майор ходæндзастæй æ рази лæууй.

– Ледзун тагъддæр æма цурддæр гъæуй, – загъта Алихан. – Æцæг дæ сæрæй азгъунсти фарс куд нæ батонай, уотæ.

Рощин фефсæрми æй, расурх æй. Гæрр, батальони командирмæ уотæ фæккастæй æма тæрсгæ фæккодтон?

– Æмбал майор, – Махъой-фуртмæ дзоруй. – Тохæнгæрзти гилдзитæ æма хуæруйнæгтæ уартæ еци хæдзари бацæуæни ʻнцæ.

– Мæнæ аци толгæндæмæ сæ ʻрбахъæртун кæнун гъæуй. Æцæг æндæр гъæунгæбæл. Содзгæ ци хæдзарæ кæнуй, уомæн æ еувæрсти рандæ уодзинайтæ. Тургътæбæл еу-34 метри бауайдзинайтæ, уæдта гъæунгæбæл – мах азгъунстмæ.

Цалдæр минутти фæсте æфсæддонтæн гъар хуæруйнаг æрбаластонцæ: фиди цумуйнаг, макъаронтæ царвбæл фунхæй æма цай. Цæйбæрцæдæр рæстæг рацудæй, уотæ Махъой-фурт сæ рази февзурдæй. Ротити командиртæ дæр æ хæццæ. Батальонæн бардзурд лæвæрд æрцудæй, никкидæр ма еу хæдзарæ байахæссун, фашисттæ уæлдай хъæбæрдæр кæцæй æхстонцæ, уой. Ихæслæвæрд æнхæст кæнуни размæ батальони командир старшинамæ фæдздзурдта:

– Цæуæнай, Григорий, æма махуонтæ куд архайдзæнæнцæ, уой фæууинай.

Старшина, батальони командири фæдбæл фæцæйцæугæй, десæй рамардæй: сахатти размæ адæм æма аллихузон техникæй æзмæлæн кæми нæ адтæй, еци гъæунгæ раревæд æй.

Æ дæллаг фарс, содзгæ ци хæдзарæ кодта, уоми хæстæг лæудтæнцæ цуппар уæззау танки. Сæ еугурей разæй ка адтæй, уомæн пили фиййи хузæн æзмалдæй æ дзармадзан. Æ рахесæрдигæй ба – болат æндонæй æхгæд дууæ хуæдтолги. Сæ хурфи бадæг фашисттæ сæхе æрцæттæ кодтонцæ тох исаразунмæ. Артиллеристтæ ластонцæ дзармадзантæ, дууæ гъæунги кæрæдзей сæрти кæми рахизтæнцæ, уони тегътæмæ. Машинтти матортæ æма тохæнгæрзти къæр-къæрæй бæстæ байдзаг æй.

Батальони командири гъæуайгæнæн риндзæй хæрдмæ истахтæй сурх ракетæ. Танкитæ, хуæдтолгæ дзармадзантæ тæхгæ æхстæй ралæудтæнцæ, знаг ци хæдзари баримахста æхе, уобæл. Нимад минуттæ рацудайдæ, уотæ еци азгъунст иссугъдæй, æ хурфæй сатæгсау цæун райдæдта хъуæцæ. Уæддæр фашисттæ сæхе æнцонтæй нæ лæвардтонцæ, ратæрун сæ гъудæй пъадвалæй. Уæдмæ бардзурди командæ райгъустæй:

– Еугурæйдæр римæхсæн рауæнмæ!

Уой фегъосгæй старшина Рощин батъæбæрт кодта, батальони штаб кæми адтæй, еци азгъунстмæ. Адæм сæхе æфсæнбетон фарсмæ нилхъивтонцæ. Бастдзийнади æфсæддонтæй имæ еу ходгæй дзоруй:

– Дæхе гъæуай кæнæ, старшина, нуртæккæ бабæй гъуддæгутæ уодзæнæй!

Куддæр уотæ исдзурдта, уотæ азгъунст базмалдæй, раст цума зæнхæзмæлди рæстæги. Райгъустæнцæ тухгин исрæмугъдтити гъæртæ.

– Адæми фæрразæнгард кæнун гъæуй æндиудæй нимпурстмæ. Гвардионти миноменттæ хъæбæр хуарз искустонцæ, – загъта батальони штаби хецау капитан Воробьев.

Батальони командир искомандæ кодта:

– Размæ!

Æфсæддонтæ фæггæппитæ кодтонцæ æма, «Ура!» гъæргæнгæ, рампурстонцæ размæ. Фашисттæ сæхецæн æхсæн риндзитæ ниййахæстонцæ берæуæладзугон хæдзари. Цалдæр минуттей размæ дæр ма сæхемæ хæстæг бацæуун нæ уагътонцæ. Нур цума еци хæдзари æгириддæр æзмæлæг нæбал адтæй, уоййау æгуппæгæй лæудтæй. Æ алливарс ци азгъунститæ адтæй, уонæй ба фашисттæ æнæсцохæй æхстонцæ. Уотæ адтæй, цалинмæ Херсони Сурх Турусай æма Сувórови дуккаг къæпхæни орденхæссæг полктæ Берлини сæйраг гъæунгæ уæгъдæ кодтонцæ, уæдмæ. Фиццаг майи сæумæраги 295-аг фестæг æфсæддон дивизийæн бантæстæй, Бранденбургские ворота ке хонунцæ, уонæмæ нимпурсун æма си сæ сæрмæ ниссагътонцæ Сурх туруса.

Нæ Фидибæсти разамунд устур аргъ искодтонцæ еци тугъдон хайии бæгъатæрдзийнадæн – æ турусабæл ма фæззиндтæй Ленини орден дæр æма майдантæ. Æртемæн ба си равардтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Уони хæццæ адтæй Махъоти Амурхани фурт Алихан дæр.



МАХЪОТИ Алихан (астæуæй) Устур Фидибæстон тугъди архайгути æхсæн.

***Константин РОКОССОВСКИЙ (1896-1968), дважды Герой Советского Союза, Маршал Советского Союза: «Героями становились миллионы. Солдаты стояли насмерть на своих рубежах, грудью бросались на амбразуру вражеских дотов, летчики и танкисты не задумываясь шли на таран. Героями были все – и те, кто устремлялся в атаку сквозь стену огня,***



**Братская могила у въезда в Чиколу... Это место было особо дорого сердцу Алихана МАКОЕВА – здесь похоронены многие из его боевых товарищей.**
**На снимке: Алихан Амурханович во время выступления на одном из проводившихся здесь мероприятий памяти.**

# УРОКИ АЛИХАНА МАКОЕВА

Во время битвы за Кавказ мне, тогда фронтовому корреспонденту, довелось слышать, как группа советских разведчиков во главе с лейтенантом Макоевым разгромила вражеский штаб, располагавшийся в школе родного села этого офицера – Чикола. Тогда познакомиться с ним не пришлось: Макоев был ранен, а затем наши боевые дороги разошлись... Но все последующие годы меня не покидала надежда на встречу с Макоевым, который, как я знал, в период Великой Отечественной войны удостоился звания Героя Советского Союза.

Некоторое время назад я наконец-то побывал в Орджоникидзе. В военкомате мне сообщили неутешительную весть: вот уже полгода Макоев болен. Только и сумел тогда увидеть его фотографию в личном деле, прочитать фронтовые реляции.

И вот новая поездка в Орджоникидзе. У входа во Дворец пионеров и школьников, где должно было состояться собрание ветеранов партии, войны и труда Северной Осетии, я увидел человека, лицо которого показалось знакомым.

– Извините, вы – товарищ Макоев? – спрашиваю.

– Так точно, – по-военному последовал ответ Героя Советского Союза подполковника в отставке Алихана Амурхановича Макоева. Мы прошли в зал и сели в последнем ряду. Разговорились. Я узнал, что после увольнения из армии Макоев был директором завода стройматериалов, потом работал на предприятиях, связанных с заготовкой сельскохозяйственных продуктов. Подводит фронтовика здоровье. Семь ранений, из которых два – тяжелых, дают о себе знать. Пришлось ему даже на время оставить работу.

Правда теперь дело идет на поправку, и Макоев готовится вернуться к делу.

Началось собрание. Пошел большой разговор об участии ветеранов в выполнении задач, выдвинутых в постановлении ЦК КПСС «О дальнейшем улучшении идеологической, политико-воспитательной работы». Мой сосед внимательно воспринимал все, о чем говорилось с трибуны. Шла ли речь о ценном опыте или о недостатках пропаганды и агитации, он заинтересованно прислушивался, отзываясь замечанием, репликой. Особенно живо реагировал на выступления о военно-патриотическом воспитании молодежи, об уроках мужества.

Алихану Амурхановичу и самому доводилось проводить эти уроки и на заводе, и в колхозе, и в Орджоникидзевском высшем общевойсковом командном училище имени Маршала Советского Союза А.И. Еременко. Приезжая в село Чикола, фронтовик идет с уроками мужества в школу, в которой в детстве учился. Школьный музей, экспозиция которого посвящена боевому пути 295-ой стрелковой дивизии от предгорий Кавказа до Берлина, создавался при активном участии Макоева – сначала ротного, а потом комбата 1042-го стрелкового полка того же соединения. Именно с родной школой связан первый ратный подвиг Макоева, о чем я выше упоминал. Он был награжден тогда медалью «За боевые заслуги». Теперь я знаю, что произошло тогда в Чиколе, и хочу подробно рассказать об этом.

Декабрь 1942 года. Пулеметная рота, возглавляемая молодым коммунистом лейтенантом Макоевым, зашищала оборону в шести километрах от Чиколы. В это время группа разведчиков готовилась идти в ночной поиск, Макоев обратился к командованию с просьбой доверить ему руководство группой.

– Но вы же пулеметчик, а не разведчик.

– Очень нелегко придется разведчикам, – отвечал на это Макоев.

– А я из местных, каждый бугорок, каждую лощину здесь знаю. Если потребуется, смогу поговорить с горцами на их родном языке. Вот почему у меня больше шансов не только выполнить задачу, но и вернуться без потерь.

...Пятнадцать бойцов-добровольцев вошли в группу под командованием лейтенанта Макоева. Одетые в белые маскхалаты, разведчики, как стемнело, по-пластунски поползли вперед. Потом по уступам крутых берегов Уруха, реки, рождающейся в ледниках, они все глубже пробирались во вражеский тыл. Пройдя затем неубранное осенью кукурузное поле, группа добралась до села Чикола. На его окраине Макоев остановил разведчиков, а сам пошел к небольшому домику, где до войны жила семья преподавателя литературы Басиева. Школьником Алихан Макоев частенько гостил в этом домике – читал книги, подолгу беседовал с любимым учителем.

Макоев постучал, как бывало, и, услышав за дверью шаги, окликнул учителя. Басиев узнал голос своего бывшего ученика, впустил его в дом. Кратковременной, но радостной была их встреча. Макоев торопился. Басиев с горечью сказал Алихану, что в сельской школе разместился штаб гитлеровской части. У входа стоит часовой. А патруль, наверное, боится стужи и поэтому не часто выходит.

Вскоре Макоев вернулся к разведчикам и знакомыми проулками повел их к школу. Там они притаились. Сначала бесшумно убрали часового. Вышедших через короткие промежутки времени двух офицеров бойцы захватили в качестве «языков» и увели.

Тогда-то и решил лейтенант Макоев устроить врагу грозную побудку. Несмотря на остроту момента, Алихан вдруг вспомнил случай из детства: играл в футбол и ненароком разбил мячом окно в школе. Досталось ему тогда за эту провинность... Теперь же Макоев собирался бросать во все школьные окна кое-что посерьезнее. Это было невыносимо трудно – взрывать школу, свою родную школу, с которой связано столько светлых воспоминаний, столько счастливых дней... Но сейчас в ней лютые враги, и надо было им преподать суровый урок. «А школу – школу мы отстроим после войны», – подумал Макоев. И по его команде разведчики стали бросать в окна гранаты. Раздались взрывы, в разных местах взметнулись языки пламени, застрочили автоматы…

Поисковая группа вернулась к своим без потерь, доставив в штаб дивизии двух «языков» и ценные документы, добытые в ходе боя.

Отец Алихана, узнав о награждении сына медалью «За боевые заслуги», прислал ему письмо: *«Поздравляю тебя, сынок, горжусь твоей храбростью. Я, конечно, тревожусь за тебя, но и крепко верю в тебя, Алихан. Верю, что ты еще не раз прославишь нашу фамилию...»*

Макоев-старший оказался прав. Его сын совершал подвиг за подвигом. На юге Украины передовой отряд под командованием офицера Алихана Макоева занял крупный опорный пункт противника и тем самым обеспечил продвижение главных сил. Потом были форсирование Днепра в районе Херсона, переправы через Южный Буг, Днестр, Вислу. Батальон, которым командовал старший лейтенант, а затем капитан Макоев, – неизменно в авангарде. На груди отважного комбата засветились ордена Ленина, Красного Знамени, Александра Невского, Отечественной войны I степени.

В боях за Вислой офицер был ранен в шестой раз. При всех предыдуших ранениях он оставался на поле боя или дальше дивизионного медсанбата следовать отказывался, не желая покидать свой батальон. Но теперь Макоев потерял столько крови, что был увезен в госпиталь.

Ко времени боев на Одере он вернулся в родную 295-ю стрелковую дивизию. В марте 1945 года батальон под командованием майора Макоева в течение суток успешно отразил пять контратак вражеской пехоты и танков. В критический момент комбат с противотанковыми гранатами бросился вперед, увлекая за собой подчиненных. Гитлеровцы отступили, потеряв восемь танков. Батальон отличился и при прорыве вражеских укреплений с Кюстринского плацдарма. В пробитую им брешь устремился полк, а затем и дивизия. Здесь Макоева ранило в седьмой раз, однако, верный себе, он продолжал сражаться.

Генерал-лейтенант Ф. Боков, бывший член военного совета 5-ой ударной армии в изданной недавно книге «Весна Победы», рассказывая о боях в Берлине, отмечает высокое мужество майора Макоева: «Комбат находился на самых опасных участках и лично истребил в рукопашных схватках 12 вражеских солдат».

Представляя майора А. Макоева к званию Героя Советского Союза, командир полка подполковник Ф. Чайка написал, что «его батальон овладел одним из берлинских вокзалов и четырьмя кварталами города... Когда огнем артиллерии были проделаны проходы в стенах домов Монетного двора, Макоев поднял воинов батальона в атаку. В итоге этих боев опорный пункт был взят. Батальон захватил в плен около 300 гитлеровских солдат и офицеров...»

Так воевал за Родину бесстрашный сын Северной Осетии коммунист Алихан Амурханович Макоев.

...Уже давно закончилось собрание ветеранов во Дворце пионеров и школьников. Опустел зал, а мы, с Макоевым еще долго продолжали беседовать. Алихан Амурханович делился планами на будущее, мыслями об уроках мужества, которые ему предстоит проводить. Я слушал героя и думал, что сами подвиги Макоева и вся его жизнь представляют собой замечательные уроки отваги, любви и верности Отчизне. Уроки, ценность и мудрость которых – непреходящи.

***Д. ИСАКОВ, Орджоникидзе.***

***Газета «Красная звезда», 13 ноября 1979 года.***




**Памятник на могиле А. МАКОЕВА на территории Братской могилы у въезда в Чиколу.**

# Махъоти сахъ Алихан фæлтæрти зæрдити æносмæ цæрдзæнæй!..


Ирæфи райони культури Хæдзари зартæгæнгути къуар. Разæй – искурдиадæгин зартæгæнæг ТЕКЪОЙТИ Иса. Къарæ ист æй нæ редакцион архивæй.

*КЕРТАНТИ Тæхир*

## СОВЕТОН ЦÆДЕСИ БÆГЪАТÆР МАХЪОТИ АЛИХАНИ ЗАР

*«Гъей, нана, сæумон талингæй*
*Æз ку райгъустон*
*Æнамонд хабар:*
*Гъей, зæгъуй, нæ рохс бæстæмæ*
*Æрбалæбурдта Гитлери цъаммар.*
*Гъей, нана, æзнаги нихмæ*
*Исистадæнцæ Советон адæм.*
*Гъей, нана, мæнæн дæр гъенур*
*Ку нæбал ес, ку,*
*Сабурæй бадæн.*
*Гъей, æма, æз дæр абони*
*И тохæнгæрзтæ*
*Есун мæ къохмæ,*
*Гъей, æма, æзнаги нихмæ*
*Ку нæхстæр кæнун*
*Хъазауат тохмæ.*
*Гъей, нана, ма æнкъард кæнæ,*
*Нифсæйдзаг ку æй*
*Дæ исгъомбæлгонд.*
*Гъей, нана, æфсæддони ном*
*Сауæнг кæронмæ*
*Хæсдзæнæн бæрзонд.*
*Гъей, нана, гъæубæсти размæ*
*Ку дæттун дæуæн*
*Фурти федар дзурд:*
*Гъей, нана, цъаммар æзнагæй*
*Ку фæттæрса, ку,*
*Де 'сгъомбæлгонд фурт,*
*Гъей, нана, мæ уарзон мадæ,*
*Дæ реуи 'хсир уæд*
*Фæккала маргæй!» –*
*Гъей, нана, уотемæй дæ фурт*
*Ку ранæхстæр уй,*
*Цъæхснаг низзаргæй.*
*Гъей, æма, нифсæйдзаг уогæй,*
*Ку исмедæг уй*
*И тохи карзи.*
*Гъей, æма, тогкалæн тохи*
*Ку ниффæнзуй е*
*Нарти Батрази.*
*Гъей, нана, æзнаги соргæй,*
*Иристон – Берлин,–*
*Æ тугъдон фæндаг.*
*Гъей, нана, бæгъатæр тохи*
*Æрцудæй пурхгонд*
*Нæ цъаммар æзнаг.*
*Гъей, нана, нæ уарзон мадæ,*
*Дæ сахъ Алихан,*
*Дæ дессаг игурд,*
*Гъей, æма, устур кадгинæй*
*Исæнхæст кодта,*
*Исæнхæст æ дзурд.*
*Гъей, æма, тохи медæгæ*
*Ку разиндтæй е*
*Бæгъатæртæй еу.*
*Гъей, нана, и хуæрзеугутæй*
*Хорау ку 'рттевуй,*
*Хорау нур æ реу.*
*Гъей, нана, нæ устур бæсти*
*Ку райгъустæй, ку,*
*Дæ дессаги кой:*
*Гъей, зæгъгæ, нæ хецауадæ*
*Равардта уомæн*
*Устур ном – Герой!*
*Гъей, нана, берæ фæццæра*
*Дæ зæрди фæндон*
*Дæ исгъомбæлгонд!*
*Гъей, нана, дессаги мадæ,*
*Арфиаг нин уай,*
*Цæрæ æд амонд, гъей!*

*Октябрь, 1946 анз*

*БАБОЧИТИ Руслан*

## СОВЕТОН ЦÆДЕСИ БÆГЪАТÆР МАХЪОТИ АЛИХАНИ ЗАР

*Гъей мæнæ зæгъуй, сæрдигон хор бон*
*Æвеппайди уæд мегъæ расайдта,*
*Нæ Дигорæмæ сонти фæдесон*
*Фуди сау хабар фудæн æрхаста.*
*Гъей дæлæ зæгъуй,*
*Цæгаттаг берæгъбæл.*
*Хонсарæрдæмæ дæндаг нийинста.*
*Фашистон Герман нæ рохс бæстæмæ.*
*Гъæди цæф арсау, зудæй нимпурста…*
*Гъей зæгъуй, уæлæ Ири уорс хуæнхтæ*
*И таруг мегътæй сæрдæр зиннунцæ,*
*Хъазауати, дан, дзилли лæгдæртæ*
*И рæстбæл тохи сæрбонс фæуунцæ…*
*Гъей мæнæ зæгъуй, æригон цæргæс*
*Æ гъар астъонæй æсхъæтæг кæнуй,*
*Махъоти Алихан æ адгин гъæубæстæн*
*Æд тохæнгæрзтæ хуæрзбон ку зæгъуй*
*Гъей уæлæ зæгъуй, фæззигон арвбæл*
*Хъурройти къуарæн финдздзæуæг фæууй,*
*Нæ сахъ Алихан кади фæндагбæл*
*Е 'фсади разæй мæсугæн цæуй.*
*Гъей дæлæ зæгъуй, уорс Елиай цæфтæй*
*Æносон зæнхæ уæззау низмæлуй.*
*Нæртон Алихан тугъди будури*
*Цъамар æзнæгти наси карст кæнуй.*
*Гъей мæнæ зæгъуй, хуарз цауæйнон, дан,*
*Берæгъи фæдбæл кæронмæ цæуй,*
*Дигори номгæнæг нæ фудæзнаги*
*Æхе лæгæти æдæрсгæ цæвуй.*
*Гъей зæгъуй мæнæ, фæскъæвда хор бон*
*Зæрдæ ма цæстæн уæлдай адгин æй.*
*Бæгъатæр Алихан æ гъæубæстæмæ*
*Ку æриздæхуй устур кадгинæй.*
*Гъей уæртæ,, зæгъуй, нæ федар толдзæ*
*И карз думгити ку нæ фезмалдæй,*
*И цъæх уалдзæги и хори гъармæ*
*Æнæнгъæлти уæд цæмæн ракалдæй!*
*Сау уг ниууаста Чиколай сæрмæ:*
*«Уæ лæгдæри уин сау нез фæххаста!»*
*Махъоти Алихан рохсаг æрбауай,*
*Æзнаг басæтгæй, фат ке нæ райста!*

*ХАХАНТЫ Дудары*
*арæзт æмбырдгондæй*

## МАХЪОТЫ АЛИХАНЫ ЗАРÆГ

*Алиханæн йæ фæтæн рон, йе 'ргъæвæг разæй*
*Æрттывта, дардæй куы зынди.*
*Алиханы батальон йæ разæй*
*Знæгты куы бырста, разæй-иу цыди, уæдæ, гъей, гъей!*

*Уалæ нæхи хосдзуатæ кæрдæгæн уыгæрдæны*
*Уæд хос 'мбырд кодтой.*
*Махъойы-фырт бадзуры, фашистон цъаммартæ*
*Нæ разæй Германмæ фосы лыгъд фæкодтой, гъей, гъей!*

*Рацæуы поезд дард бæстæй, зынг æвзалы*
*Фæздæгимæ цæхæртæ куы калы.*
*Алихан уæлахизæй сыздæхы карз хæстæй,*
*Сырх Стъалы йæ риуæй тæмæнтæ куы калы, гъей, гъей!*

*Бирæ нын фæцæрай, зынгзæрдæ лæппу домбай Алихан, гъей, гъей!*

*ЦÆГÆРАТЫ Гиго*

## МАХЪОТЫ АЛИХАНЫ ЗАРÆГ

*Сæрæн лæг æдзухдæр Фыдыбæсты кадыл*
*Æдæрсгæ хæцыди, гъей!*
*Махъоты Алихан фыдгулты цæгъдынмæ*
*Æд гæрзтæ фæцыди, гъей!*

*Нæ хур нæм-иу хатгай фæздæджы ауонæй*
*Æппындæр нæ касти, гъей!*
*Махъоты Алихан ызнаджы нæмгуытæй*
*Æппындæр нæ тарсти, гъей!*

*Фыдызнаг бырсгæйæ æгæрон уæлмæрдтæ*
*Йæ фæдыл куы уыдта, гъей!*
*Махъоты Алихан йæ хæстон æмбæлтты*
*Йæ фæдыл куы хуыдта, гъей!*

*Фыдгулы æфсæдтæн сæ фæстагдæр бонтæ*
*Уæлдай зындæр фесты, гъей!*
*Махъоты Алихан Берлины хæстыты*
*Уæлдай тынгдæр фесгуыхт, гъей!*

*Кæсут-ма, кæсут-ма, зæрин хур йæ тынтæ*
*Хъæриуыл æруагъта, гъей!*
*Алиханæн Бæстæ Сыгъзæрин Ыстъалы*
*Йæ риуыл æрсагъта, гъей!*

*Уæлахиздзауты цин нæ сæрибар зæххыл*
*Æнусмæ нæрдзæни, гъей!*
*Махъоты Алихан фæлтæрты зæрдæты*
*Æнусмæ цæрдзæни, гъей!*







МАХЪОТИ Алихан æ рæстæги каст фæцæй Чиколай астæуккаг скъола æма абони е хæссуй æ ном, бацæуæни фарсбæл æвæрд æй мемориалон фæйнæг (галеуæрдигæй). Иннæ мемориалон фæйнæг ба æвæрд æй, Махъой-фурт Дзæуæгигъæуи ци хæдзари цардæй, уой фарсбæл.

*«Æдасдзийнади скъола», зæгъгæ, Дагестани ци æхсæнрегионалон еристæ арæзт æрцудæй, уонæми архайдтонцæ Цæгат-Кавказаг федералон округи ахурдзаутæ. Уоми Дзæуæгигъæуи политехникон техникуми ахурдзаутæ – ервæзунгæнгутæ «Уодæгас уни маршрут», зæгъгæ, еристи нийййахæстонцæ æртиккаг бунат.*





ГОБЕТИ Ибрагим

# ЦÆГАТ ИРИСТОНИ ТУХХÆЙ ХАБÆРТТÆ – ЦÆСТУАРЗОНÆЙ!..

## НÆ РЕСПУБЛИКÆМÆ НÆ БÆСТИ АЛЛИ РЕГИОНТÆЙ ИСФÆЛДИСТАДОН БАЛЦИЙ ÆРБАЦУДÆНЦÆ БЛОГЕРТÆ

СÆ БАЛЦИ хуннуй блог-тур «Дæ Иристон». Проекти сæйрагдæр нисан æй, цæмæй æ архайгутæ сæхе цæститæй фæууинонцæ нæ региони туризми программи æма информацион ирæзт, базонгæ уонцæ нæ æрдзи цæмæдессагдзийнæдти æма гъæздугдзийнæдти, историон æма культурон хæзнати хæццæ.

«Евгъуд дзамани æма исонибони ʻхсæн уæвæг дессаги бæстæ…», «Бæлдитæ кæми исæнхæст унцæ, уæхæн бунат…», «Ами ду цийнæ кæнис…», «Æцæгæйдæр, дзенет зæнхæбæл ес…», – уæхæн æма ма берæ æндæр зæрдтагон гъудитæй дзорунцæ сæ балций туххæй нæ иуазгутæ.

Нæ адæм недзаманти дæр ци иуазæгуарзондзийнадæй кадгин адтæнцæ, еци арфиаг æгъдауæй абони дæр тухгин ан. Уомæ гæсгæ, цалинмæ нæмæ балций не ʻрбацæуй, уæдмæ нæ бæлвурдæй ка нæ фæззонуй, етæ махæй цæугæй хумæтæги нæ фæссомитæ кæнунцæ, куддæр син равгæ фæууа, утæ бабæй нæмæ зæрдæхцæуæнæй, æнæмæнгæ, ке фæззиндзæнæнцæ, уомæй. Уæдта утæ дæр ма фæззæгъунцæ, сæ хеуæнттæ æма зонгитæй Цæгат Иристони ка нæма адтæй, уонæн дæр ке баунаффæ кæндзæнæнцæ, цæмæй аци дессаги бæстихай бабæрæг кæнонцæ. Еци хабар æхцæуæн куд нæ уодзæнæй, уомæ гæсгæ ба зæрдиагæй хонæн алкедæр, цæмæй базононцæ Иристон, æ истори, æгъдæуттæ æма фæткитæ, цардиуагæ æма берæ æндæр гъуддæгутæ.

Блог-тур байгон æй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Национ музейи. Уоми республики Сæргълæууæги æма Хецауади администраций разамонæг **Гобети Ибрагим** фембалдæй, Уæрæсей Федераций алли регионтæй нæмæ ци блогертæ æрæмбурд æнцæ, уони хæццæ. Æма æ радзубандий утæ загъта:

– Хæстæгдæр дæс анзей дæргъи республики экономикон уавæр туризми ирæзти хæццæ баст ке уодзæнæй, уой хинцгæй, нуртæккæ ахсгиаг æй региони имидж исаразун, гъома æй хуæрзæрдигæй равдесун. Уой туххæй сæрмагондæй нæ республикæмæ хунд цæунцæ фулдæр иуазгутæ æма профессионалон блогертæ. Нæ абони фембæлд нæ иуазгутæн æй рæсугъд балций истори, æма мах нæ зæрдæ дардзинан, еугур дуйнейæн дæр нæ уарзон Иристони туххæй зæрдиагæй æма кæдзосзæрдæй ке радзордзæнæнцæ, уобæл.

Æригон блогертæн цæмæдесаг исзæй алцидæр – национ хуæруйнæгтæй райдайæ æма сауæнгæ туризми райрæзти фарстатæй фæууо.

Зæгъæн, блогертæ бахастонцæ уæхæн фæндæ, цæмæй сахари историон арæзтæдтæбæл уа QR-кодтæ. Уой фæрци туристтæ æнцонæй зонгæ кæндзæнæнцæ хæдзæртти историй хæццæ: кæд арæзт æрцудæй, ка ʻй исаразта, циуавæр зундгонд адæм си цардæй, тематикон туризмбæл косун æма утæ идарддæр. Уомæй идарддæр ма блогертæ бахастонцæ гъæугæ гæгъæдитæ æрæмбурд кæнуни туххæй фæндæ, цæмæй ирон къеретæ ЮНЕСКО-й бунтæмæ хаст æрцæуонцæ.

Блогертæ Иристонмæ æрæги ке ʻрцудæнцæ, уомæ гæсгæ Дзæуæгигъæуæй идарддæр нецима фæууидтонцæ, фал, куд баханхæ кодтонцæ, утемæй сæ устур деси бафтудтонцæ нæ сахари хуæрзуиндæдзийнадæ æма нæ ниуазуни дони кæдзосдзийнадæ.

Æма хумæтæги нæ райдæдтонцæ Дзæуæгигъæуæй – Цæгат Иристони сæйраг сахар иуазгутæн ци равдеса, е си ес. Ами фæууинæн ес Булгаков æма Вахтангови хæццæ баст бунæттæ, модерни доги хæццæ баст хæдзæрттæ æма, кæддæр Дзæуæгигъæуи федар кæми лæудтæй, еци бунæттæ.

Блогертæмæ ци программæ æнгъæлмæ кæсуй, уоми ес экскурси зундгонд культурон циртдзæвæнтæ фæууинуни, изæригон Дзæуæгигъæубæл экскурси, мастер-класстæ ирон къеретæ кæнунæй æма æндæр мадзæлттæ... Уомæй идарддæр ма блогертæ рабалци кæндзæнæнцæ Дигоргоммæ.

Блогертæ Интернети итигъдади алли бон æвдесунцæ сæ балций хабæрттæ, уомæй идарддæр, социалон хизæгти ци адæми хæццæ ес бастдзийнæдтæ, уонæн радзордзæнæнцæ, блог-тур куд рацудæй, циуавæр æнкъарæнтæ сæмæ исæвзурдæй, уой туххæй.

Проект «Дæ Иристон»-и архайунцæ цуппар æма инсæй блогери нæ бæсти алли регионтæй. Социалон хизæгти сæмæ кæсунцæ фондз миллион адæймагемæй фулдæр. Уомæ гæсгæ нæ бон зæгъун æй уой, æма нæ бæсти дæр æма фæсарæнти дæр берæ дзиллæ базонгæ уодзæнæнцæ Цæгат Иристони хæццæ.

## ЛÆГМАР ÆМА ТУТАБÆЛАСÆ

Еу æстъегъæг надбæл лæг рамардта; адæм æй фæууидтонцæ æма ʻй сорун байдæдтонцæ. Лæг æ тог калгæй лигъдæй, мадта куд. Надбæл ибæл ка рамбæлидæ, етæ ʻй бафæрсиуонцæ, дæ къохтæ, дан, тогæйдзаг цæмæн æнцæ, зæгъгæ. Лæг син дзуапп лæвардта, тутабæласæмæ, дан, исбурдтæн. Уалинмæ ʻй фæдесонтæ æрбаййафтонцæ, райахæстонцæ ʻй æма ʻй тутабæласæмæ бабастонцæ. Уæд дин тутабæласæ ку ʻрдзоридæ æстъегъæгмæ: «Лæг ке рамардтай, е еу гъуддаг æй, фал ма никки мæн дæр фудгин кодтай».

Игурцæй хæларзæрдæ ка рахæссуй, еци адæймæгутæ дæр хатгай мæстигæр исунцæ, хахуртæ сæбæл ку фæккиндæуй, уæд.

## БЕРÆГЪТÆ ÆМА ФУСТÆ

Берæгътæ фусти дзогæмæ балæборунмæ гъавтонцæ, фал сæ къохи не ʻфтудæй, уомæн æма дзогæ гъæуай кодтонцæ цауæйнон куйтæ. Уæд берæгътæ исфæндæ кодтонцæ хийнæй архайун. Фустæмæ минæвæрттæ барвистонцæ, куйтæ, дан, уе ʻзнæгтæ ʻнцæ, уони кæрдæгбæл хезон, уой мæтæ дæ нæййес, фал дæмæ хуæрун цæуй, хуæрун».

Раст утæ ʻй æнаккаг адæймæгути хабар дæр: рæстуодти хæццæ мæлгъævзагæй фæдздзорунцæ, сæ зæрдити ба фудвæндæ римæхст фæууй.

## БЕРÆГЪ ÆМА ФУС

Куйтæ æ пурхæ кæмæн ракалдтонцæ, еу уæхæн берæгъ хустæй гъæди кæрони. Æхецæн хуаллаг исамал кæнун дæр æ бон нæ адтæй. Уалинмæ дин еу фуси рауидта æма ин лигъстæ кæнун байдæдта: «Мæ æдонуг мин басæттæ, хуаллаг ба мæхуæдæг исамал кæндзæнæн». Фус ин дзуапп равардта: «Дæ æдонуг дин ку басæттон, уæд дин хуаллаг ба мæхуæдæг исуодзæнæн».

Æмбесонд æвдесуй, мæнгардæй ка архайа, уæхæн фудзæрдæ адæймаги.

***Аци таурæхътæ ниффинста номдзуд рагонбердзейнаг финсæг Эзоп.***




ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

Æ РАФИНСУНИ АРГЪ 2022 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР.



Дигорæ

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 500. Заказ №1431.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 07.07.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 07.07.2022.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ʻрветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.